

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan anu dipedar dina bab IV ieu panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-B SMP Negeri 27 Bandung taun ajaran 2017/2018, saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Student Team Achievement Division (STAD)* nya éta 6 siswa (15%) anu meunang penteun > 76 kalawan katégori tuntas sedengkeun 32 siswa (85%) anu meunang peunteun < 76 kalawan katégori acan tuntas
- 2) Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-B SMP Negeri 27 Bandung taun ajaran 2017/2018, sabada ngagunakeun modél pangajaran *Student Team Achievement Division (STAD)* nya éta 31 siswa (82%) anu meunang penteun > 76 kalawan katégori tuntas sedengkeun 7 siswa (18%) anu meunang meunang peunteun < 76 kalawan katégori acan tuntas
- 3) Aya béda nu signifikan atara kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-B SMP Negeri 27 Bandung taun ajaran 2017/2018 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajara *Student Team Achievement Division (STAD)*. Ieu hal dibuktikeun dina uji hipotésis, kalawan hasil t_{itung} miboga niléy 11,59, sedengkeun t_{tabel} na kalayan ngagunakeun taraf kapercayaan 99% sarta niléy $dk-na=38$ nunjukeun yén t_{tabel} miboga niléy 2,42 hartina yén $t_{itung} (11,59) > t_{tabel} (2,42)$, dicindekeun yén hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotesis nol ditolak. Ieu hal nétélakeun yén modél pangajaran *Student Team Achievmen Division (STAD)* *éfektif* pikeun pangajaran nulis guguritan siswa SMP Negeri 27 Bandung Taun ajaran 2017/2018.

Dumasar kana hasil panalungtikan , bisa dicindekeun yén modél pangajaran *Student Team Achievement Division (STAD)* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan.

5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu ditepikeun, nya éta saperti ieu dihandap.

- 1) Modél pangajaran *Student Team Achievement Division* épéktif ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis guguritan SMP Negeri 27 Bandung taun ajaran 2017/2018 nu bisa dipaké alternatif guru pikeun pangajaran nulis guguritan.
- 2) Sangkan leuwih ngabuktikeun kaépetipan ieu modél perlu diayakeun deui panalungtikan séjén dina pangajaran anu béda
- 3) Pikeun panalungtik kudu leuwih sayaga dina ngararancang modél pangajaran *Student Team Achievement Division* (STAD).